

## Enfòmasyon Pou Paran

Pwojè HEARTH nan Lekòl nan Kanton Polk la  
1915 South Floral Avenue ~ Bartow, Florida 33830  
Telefòn: 863.534.0801 Fax: 863.534.0201

### Si fanmi w pèdi kay yo e y'ap viv nan nenpòt nan kondisyon sa yo:

- Desann kay zanmi oswa manm fanmi paske yo pa ka jwenn oubyen yo pa gen mwayen pou peye kay
- Motèl, machin oswa nan espas amizman kote yo fè kan paske yo pèdi kay yo oswa yo gen pwoblèm lajan
- Nan yon refij
- Nan yon kay abandone, nan kay mobil oswa karavann ki pa nòmal, oubyen nan kondisyon ki sanblab, oswa
- Nan lari

Ebyen pitit ou ki gen laj preskolè oswa laj lekòl la gen yon seri dwa oswa pwoteksyon anba banyè Lwa Edikasyon McKinney-Vento pou moun Sanzabri.

### Pitit ou gen dwa pou yo:

- Ale lekòl. Yo dwe ba yo aksè nan menm edikasyon piblik yo bay lòt timoun, ki gen ladann lekòl preskolè.
- Ale lekòl nan zòn li oswa nan lekòl li soti a, si se sa ki pi bon pou li. Lekòl li soti a se lekòl li te ye lè li te gen yon kote pèmanan pou l te rete oswa dènye lekòl li te frekante a
- Resevwa transpò pou l ale vini nan lekòl li te ye a (si distans lekòl la plis pase 2 mil; K-12è ane).
- Enskri lekòl imedyatman, menm si li manke kèk dosye ki egzijib pou l enskri nòmalman, tankou batistè, prèv kote l rete, ansyen dosye lekòl li oswa dosye vaksinasyon/dosye medikal.
- Enskri, swiv kou e patisipe san mank nan tout aktivite yo pandan lekòl la oswa paran li ap kolekte pyès enskripsyon l yo.
- Enskri e swiv kou menm lè lekòl la avèk ou ap chache rezoud dezakò ki genyen konsènan enskripsyon li.
- Gen aksè nan menm pwogram ak sèvis ki disponib pou tout lòt elèv, ki gen ladan yo transpò, sèvis edikatif ak manje gratis.

### Lè w deplase, ou dwe fè bagay sa yo:

- Kontakte Defansè HEARTH lekòl ou a oswa ekip HEARTH PCPS pou ede w enskri pitit ou nan yon nouvo lekòl oswa fè aranjman pou pitit ou a kontinye nan ansyen lekòl li te ye a.
- Konsidere bagay sa yo konsènan kontinye ale nan lekòl pitit ou te ye a: laj, distans pou l ale a, kantite tan w'ap gen pou pase nan nouvo aranjman kote w'ap viv la, keksyon sekirite, atachman pitit ou ak lekòl yo epi kantite tan ki rete nan ane lekòl la.

### Asistans andiplis posib Pwojè HEARTH PCPS bay:

- Valiz lekòl, materyèl lekòl, materyèl pou ijyèn.
- Lajan pou w peye pou aktivite lekòl ak lòt depans tankou inifòm, pwomnad ak materyèl espesyal klas la mande.
- Tikè bis e/oswa pou gaz pou al pran dokiman enskripsyon yo, sipòte patisipasyon paran nan aktivite lekòl la e pou w sipòte prezans pitit ou nan lekòl li soti a pandan y'ap fè aranjman sou sikwi transpò a.
- Referans bay ajans kominotè kòrèk pou satisfè nesite w yo.

### Sipò Kominotè:

- Enfòmasyon ak telefòn referans gratis 2-1-1: United Way chak jou, ki konekte moun ki bezwen èd avèk pwogram lasante ak pwogram sèvis imèn lokal yo.
- Tant Bertha: <http://heartlandauntbertha.com>

**\*Jèn ki Poukont yo (ki pa soukont paran oswa responsab legal yo), elèv k'ap tann yo mete yo nan adopsyon e elèv migran k'ap viv nan kondisyon yo di la a yo, yo kalifye tou pou tout pwoteksyon ak sèvis sa yo.**

Lyezon Lekòl Piblik nan Depatman polk la: DeeDee Wright

Defansè HEARTH nan Lekòl yo: \_\_\_\_\_